




**Byenveni nan
Gid pou Manm
MetroPlusHealth
Medicaid Managed Care la**

**Sa ki
ladan I**



Yon lèt direktè jeneral nou an	5
Pou kòmanse	7
Chwazi yon doktè	8
Al kay doktè w	9
Jwenn rabè sou preskripsyon	10
Jere plan w lan	11
→ Pwogram Rekonpans Manm	12
Depans ak sa w genyen ki kouvri	14
Konnen kibò pou w ale pou swen medikal	17
MetroPlusHealth Plis pase jis yon Plan Sante	20
Fason pou w itilize resous plan w lan	22
Glosè	23

Byenveni nan
MetroPlusHealth



Mèsi paske w te chwazi Medicaid Managed Care ak MetroPlusHealth

Antanke Prezidan ak Direktè Jeneral MetroPlusHealth, mwen vle swete w byenveni nan plan nou an. Gid sa a ap ede w kòmanse. Li dekri fason plan w lan ak abònman w nan MetroPlusHealth fonksyone. Mwen espere li reponn nenpòt kesyon ou ka genyen.

Nou toujou la pou n ede. Ou ka jwenn nou plizyè fason:



Ale sou sit entènèt nou an ki se **metroplus.org**



Rele nou nan **800.303.9626 (TTY: 711)**



Vin rankontre nou an pèsòn **metroplus.org/in-your-community/locations**

Nan anvlòp sa a w ap jwenn nouvo kat idantifikasyon (ID) MetroPlusHealth ou a, ki gen ladan l tou detay enpòtan sou sa asirans lan kouvri. Li enpòtan pou w toujou mache ak kat idantifikasyon w lan pou w ka jwenn aksè rapid nan enfòmasyon sou asirans ou an. Mete sou sa, ou ka jwenn aksè ak kat idantifikasyon w lan sou pòtay manm nan. Tanpri byen li detay ki sou kat la epi mete byen sere l nan bous ou.

Mèsi ankò pouw paske w vini jwenn nou an MetroPlus Health Plan. Nou fyè dèske nou gen ou kòm yon manm, nou ap tann pou nou sèvi ou.



Sensèman,

Talya Schwartz, MD

Prezidan ak direktè jeneral
MetroPlusHealth



Li fasil pou w kòmanse



Pote kat idantifikasyon an

Li sa k sou nouvo kat idantifikasyon w lan. Si w gen nenpòt kesyon oswa ou bezwen fè chanjman, tanpri rele sèvis manm nan **800.303.9626 (TTY: 711)**. Toujou gen kat ou a sou ou.



Telechaje aplikasyon nou an

Pòtay ak aplikasyon manm an sekirite nou an pèmèt ou jere plan w lan. Ou ka jwenn yon doktè, jwenn yon kat idantite vityèl, kòmande yon lòt kat idantite, jwenn rekonpans pou sante w, ak plis bagay toujou sou pòtay manm ou an sou **members.metroplus.org**. Li rapid ak fasil pou w fè! Ou ka jwenn aplikasyon MetroPlusHealth la sou Apple® oswa Google Play™.



Jwenn yon doktè oswa yon espesyalis

Gade lis konplè doktè ki patisipe yo. Chèche youn ki reponn ak bezwen w yo, lè w sèvi avèk Find a Doctor a sou **metroplus.org/members/find-a-doctor**.



Pou tout detay ak lòt enfòmasyon enpòtan, vale sou **metroplus.org**



Konsèy: Ou ka resevwa rekonpans nan Pwogram Rekonpans Manm nou an, tankou pou yon vizit kay doktè jeneralis ou.

Chwazi yon doktè nan rezo a



Li enpòtan pou w gen yon PCP. Resevwa swen regilye enpòtan pou sante fizik ak mantal. Doktè jeneralis ou a ka pwopoze oswa refere w bay lòt doktè oswa espesyalis.

Lè w ap chwazi doktè jeneral ou a, asire w ou itilize rezo founisè nou an. Si w al wè yon doktè ki pa nan rezo nou an, nou p ap ka kouvri swen w lan. Rele sèvis pou manm yo pou w verifye si founisè a toujou nan rezo a. Verifye tou si doktè jeneralis la aksepte nouvo pasyan. Sèvi ak zouti Find a Doctor nou an sou metroplus.org/members/find-a-doctor pou w jwenn yon doktè.

Chanje doktè jeneralis ou



Rele sèvis manm nan **800.303.9626 (TTY: 711)**



Fè chanjman an sou sit entènèt nou an sou members.metroplus.org

Al kay doktè oswa espesyalis ou

Lè w al kay doktè jeneralis ou (oswa nenpòt doktè) pou premye fwa, prepare pou vizit la

- ✓ Rasanble dosye medikal nan men ansyen doktè yo
- ✓ Mache ak non ak nimewo telefòn lòt doktè w yo
- ✓ Asire w ou mache kat idantifikasyon MetroPlusHealth ou a
- ✓ Pote yon lis tout medikaman ou pran yo
- ✓ Ekri nenpòt kesyon oswa enkyetid ou genyen davans
- ✓ Fè doktè w konnen nenpòt chanjman nan sante w oswa nan medikaman w yo



Pran swen sante bouch ou se yon pati nan sante ak byennèt jeneral ou. Kenbe yon bon sante bouch ou. Pran yon randevou ak dantis ou pou konsiltasyon ak netwayaj woutin. Pou w aprann plis bagay sou sante bouch ou epi pou jwenn w yon dantis, ale sou metroplus.org/members/health-information/dental-health.



Si w bezwen èd pou w jwenn yon dantis oswa ou gen kesyon sou swen dantè ki kouvri yo, tanpri rele DentaQuest: **844.284.8819**

Jwenn rabè sou preskripsyon



✓ Medikaman Jenerik ✓ Mak ✓ Domèn

Ou ka jwenn medikaman sou preskripsyon atravè NYRx, Pwogram Famasi Medicaid la.



Kontakte Sèvis Manm NYRx (Liy Èd Medicaid la) nan **800.541.2831** (TTY: **800.662.1220**)



Plan famasi Medicaid NYRx la genyen tou yon lis medikaman yo preferè: [newyork.fhsc.com/downloads/providers/NYRx_PDP_PDL.pdf](https://www.newyork.fhsc.com/downloads/providers/NYRx_PDP_PDL.pdf)



Jwenn yon famasi ki aksepte Medicaid NYRx sou: [member.emedny.org/pharmacy/search-locations](https://www.member.emedny.org/pharmacy/search-locations)

Jere plan w lan



Sa w ka fè sou sit entènèt nou an

- ✓ Jwenn kat idantifikasyon dnimerik pou manm nan oswa mande kat ranplasman*
- ✓ Jwenn enfòmasyon sou plan w lan
- ✓ Jwenn doktè ak etablisman ki nan rezo a
- ✓ Jwenn fòmilè yo epi gade dokiman plan enpòtan yo
- ✓ Jwenn zouti ki ka ede w viv yon fason ki an sante
- ✓ Enskri nan Pwogram Rekonpans Manm yo
- ✓ Konekte ak doktè nan telefòn, tablèt oswa òdinatè w

Kreye kont sou entènèt ou sou pòtay manm nou an tout pandan w ap pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou yo.

Monte sou



members.metroplus.org pou w enskri

*Kou w fin kreye kont sou entènèt ou a, verifye si nou gen enfòmasyon ki kòrèk ou yo (adrès postal, imel, nimewo telefòn, ak nimewo selilè). Ou ka fè chanjman sou pòtay manm nou an. Lè w pataje imel ou oswa nimewo telefòn mobil ou avè nou, ou ka jwenn dokiman plan an tou atravè sit entènèt nou an.

Pandan w sou sit entènèt nou an, gade paj Pwogram Rekonpans Manm nou an sou **metroplus.org/member-rewards**



Aprann sou:



Fason Pwogram Rekonpans Manm nan fonksyone



Fason pou w fè aktivite yo pou w resevwa rekonpans



Fason pou w enskri, suiv rekonpans ou yo, epiachte nan magazen an detay lè w sèvi ak kat kredi rekonpans ou a



Fason pou w jwenn sipò nan men sèvis rekonpans



Lòt fason pou w kenbe tèt ou an bòn sante



Depans ak sa w genyen ki kouvri



Pou asire w ou ka jwenn swen sante, toujou suiv règ ki aplikab yo. Premyèman, toujou al wè doktè ki nan rezo nou an (pou ka ki pa ijan).*

Sèvi ak zouti Find a Doctor nou an sou **metroplus.org/members/find-a-doctor** to find an in-network doctor.

Founisè ki nan rezo yo pa ka fè w peye pou sèvis ki kouvri yo. Pa egzanp: Yon founisè voye yon fakti ban nou pou \$300 epi nou peye \$200. Yo pa ka voye yon fakti ba ou pou rès la. Si w ale kay yon founisè ki pa apwouve epi ki pa nan rezo a, y ap fè w peye pou sèvis sa yo.

*Si nou pa gen yon espesyalis nan rezo nou an ki ka ba w swen ou bezwen an, rele nou. N ap ba w swen sa a ki pa fè pati rezo nou an.

Antanke manm plan nou an, ou ka jwenn bon swen medikal

- ✓ Konsiltasyon regilye ak vizit nanklinik doktè jeneralis ou a
- ✓ Vizit byennèt pou swen ti bebe ak timoun
- ✓ Tès nan laboratwa ak radyografi
- ✓ Liy dirèk ijans ki ouvri 24 sou vennkat
- ✓ Swen adomisil
- ✓ Referans pou espesyalis nan rezo nou an, tankou espesyalis swen sante mantal
- ✓ Swen nan lopital
- ✓ Swen je ijans, pou prevansyon ak routin
- ✓ Egzamen pou verifye kapasite pou tandè
- ✓ Swen Dan
- ✓ Terapi fizik
- ✓ Terapi pou devlopman langaj
- ✓ Terapi yo fè pou ede moun reprann aktivite l



Pou plis enfòmasyon sou swen w, gade *Manyèl Manm* ou an. Li disponib sou: metroplus.org/plans/individual-family

Si w ta renmen yon kopi manyèl plan w lan, rele nou nan **800.303.9626 (TTY: 711)**.

Pou sèvis ki kouvri ak espesyalis ki nan rezo a, pa gen kopeman, ko-asirans oswa franchiz.



Konnen kibò pou w ale pou swen medikal

Vizit a distans Express Care fè

Si w pa santi w byen, pa gen okenn nesosite pou w ale nan klinik doktè. Ou ka jwenn swen 24 sou vennkat, sèt jou pa semèn. Jwenn swen nan men yon doktè sou telefòn entèlijan, tablèt, oswa òdinatè w pou maladi moun abitye genyen tankou:

✓ Grip ak rim

✓ Alèji

✓ Gratèl

✓ Lòt bezwen sante
ki pa ijan

Ou ka aprann plis oswa pran yon randevou pou yon konsiltasyon a distans sou sit entènèt nou an sou metroplus.org/members/virtual-visit-telehealth oswa ou ka annik skane kòd sa a:



Vizit nan klinik - \$0

Doktè jeneralis ou a ka fè pifò nan sa yon konsiltasyon a distans oswa yon sant swen ijans fè. Kidonk, al wè doktè jeneralis ou a san pèdi tan pou yon pwoblèm ijan. Si w jwenn swen yon lòt kote, pran yon randevou pou yon suivi oswa yon egzamen jeneral. Doktè jeneralis ou a se pi bon opsyon pou plizyè kalite swen, tankou:

✓ Renouvèlman medikaman

✓ Pran vaksen (piki kont grip, vaksen, elt.)

✓ Jere maladi ki dire lontan

✓ Sèvis swen prevansyon

✓ Kreye plan pou fason w viv ki pi bon pou sante

✓ Konsiltasyon regilye ak egzamen fizik

✓ Konsèy pou w kite fimèn

Rele 911 pou yon ijans medikal. Pa eseye kondi.

Aprann plis bagay sou avantaj transpò yo sou metroplus.org/providers/provider-resources/forms-manuals-policies/transportation-benefit-guide.

Swen Ijan

Lè se pa yon sitiyasyon ki gen rapò ak lavi oswa lanmò men li mande atansyon rapid, sant swen ijans yo se yon opsyon ki rapid e ki pratik. Ale sou **metroplus.org** pou yon lis konplè founisè swen ijans nan rezo a. Manm MetroPlusHealth yo ka jwenn swen ijans nan tout Vil Nouyòk pou ede yo ak:

✓ Yon maladi ki rive sanzatan

✓ Yon blesi

✓ Yon maladi ki bezwen swen ijan

✓ Yon kondisyon ki pa bezwen yon vizit nan ijans

Swen ijans pa ranplase relasyon w ak doktè jeneralis ou a. Doktè w la bezwen konnen tout sa k ap pase ak sante w. Swen ijan trete pwoblèm tankou:

Yo kote nan kò w koupe, blese

Anvi vomi/vomisman, dyare

Migrèn/tèt fè mal

Pwoblèm pipi

Antòs ak foule nan misk

Frakti/zo ki dejwente ki pa grav

Boule ki pa grav

Alèji ak atak alèji

Grip, rim, gòj fè mal

Timoun ki gen doulè nan zòrèy oswa enfeksyon nan zòrèy ki grav

Anjin bakteryen nan gòj

Bwonchit

Atak opresyon

Ekspozisyon posib a VIH

Pifò nan sant swen ijans ka fè tès ak pwosedi woutin tou, tankou tès san ak radyografi

Rele 911 pou yon ijans medikal. Pa eseye kondi.

Aprann plis bagay sou avantaj transpò yo sou **metroplus.org/providers/provider-resources/forms-manuals-policies/transportation-benefit-guide**.

Sal ijans nan lopital

Ale nan sal dijans lopital ki pi pre a (ER), oubyen rele 911 pou yo mennen w la nan yon sitiyasyon ekstrèm:

✓ Li mete lavi w an danje

✓ Ou pa ka fonksyone

✓ Ou gen doulè ou pa ka sipòte

✓ Ou pa reyaji

Kondisyon an jeneral ki mande pou w ale nan injans gen ladan yo:

Touse oswa vomi san

Senyen san kontwòl akoz yon blesi

Zo ki fratire oswa kase ki kole sou po w

Vizyon flou/chanjman nan je ki rive bridsoukou

Ou pran nan pwazon

Gwo boule

Doulè, senyen, oswa lafyèv pandan gwosès la

Gwo doulè nan pwatrin oswa palpasyon kè

Gwo doulè nan vant

Pawòl ki pa klè

Endispoze, vètij

Kriz sante mantal

Abi nan medikaman

Respirasyon kout ki grav, pwoblèm pou respire, oswa pèdi konesans

Ou ka vle ale nan lopital kote w wè doktè jeneralis ou a oswa kote doktè jeneralis ou a ap travay.

Rele 911 pou yon ijans medikal. Pa eseye kondi.

Aprann plis bagay sou avantaj transpò yo sou metroplus.org/providers/provider-resources/forms-manuals-policies/transportation-benefit-guide.

Plis pase yon senp Plan Sante



Nou fè plis pase kouvri depans medikal ou yo. Depi premye jou a, manm yo gen aksè ak sèvis ak resous sa yo.

1

Platfòm Manm

Ou ka fè anpil bagay sou sit entènèt nou an:

- ✓ Mande fòmilè oswa lòt materyèl
- ✓ Mete enfòmasyon pèsònèl ou ajou
- ✓ Gade epi enprime kat idantifikasyon manm ou an
- ✓ Jwenn founisè, chanje doktè
- ✓ Lis la prèske pa gen fen

2

Swen Express Care a distans (Telesante)

Ou ka aprann plis oswa planifye yon swen Express Care a distans sou sit entènèt nou an sou metroplus.org/members/virtual-visit-telehealth oswa annik skane kòd sa a:



3

Jesyon Swen

Pwogram Jesyon Swen nou an ka ede w rete an sante. Jwenn sipò lè w plis bezwen sa. Nou travay avè w ansanm ak doktè w la pou w ka jwenn tout lòt èd ou bezwen. Nou ede w ak difikilte ou ka genyen epi nou ka refere w bay resous ki apwopriye yo.

- ✓ Pwogram ki gen moun ki nan menm sityasyon
- ✓ Sèvis sosyal pou kondisyon ki dire anpil tan
- ✓ Evènman nan kominote a

4

Bilten Manm yo

Bilten nou yo ki soti chak twa mwa ba w nouvèl ak konsèy sou fason pou w rete an sante epi pran swen fanmi w. Jwenn yo sou entènèt sou **metroplus.org/members/member-newsletters**.

5

Good4You Health Library

Bibliyotèk sa a kouvri plizyè milye sijè sou sante ak byennèt. **[Healthlibrary.metroplus.org](https://healthlibrary.metroplus.org)** se yon sant konplè kote w jwenn tout sa w bezwen sou enfòmasyon medikal detaye, tankou resèt ki bon pou sante, videyo, e menm yon sistèm pou w suiv sentom maladi oswa pwoblèm sante.

6

Rekonpans pou Manm yo

Pwogram Rekonpans pou Manm nou an ede manm yo patisipe nan aktivite pou amelyore sante, kalite lavi, ak byennèt. Lè w fini yon aktivite, ou resevwa pwen rekonpans. Manm ki anrejistre yo resevwa yon Kat Rekonpans MetroPlus ki pral gen lajan rekonpans sou li pandan w ap fè kèk aktivite ki bon pou sante. Ou ka itilize kat ou a pou w achte atik ou vle oswa ou bezwen nan plizyè milye kote nan tout Vil Nouyòk.

Fason pou w itilize resous plan w lan

Lis kontak founisè

Lis kontak founisè nou an gen tout founisè ki nan rezo nou an. Chèche non yo, kote yo ye, espesyalite yo, ak lang yo pale. Nou vle ou jwenn bon doktè a lè ou bezwen youn.

Sou entènèt

Ale sou sit nou an pou sèvis pou manm yo:

- ✓ Zouti ki gen animasyon pou w jwenn yon doktè
- ✓ Telechaje oswa gade lis kontak
- ✓ Gade plan Swen Jere Medicaid ou a
- ✓ Telechaje oswa gade materyèl manm ou yo



metroplus.org

Telefòn

Sèvis pou Manm yo ka ede w jwenn yon founisè, oubyen reponn nenpòt kesyon ou ka genyen. Yo ka voye yon kopi papyè lis kontak founisè a gratis tou. Tanpri rele: **800.303.9626 (TTY: 711)**



Manyèl Manm

Manyèl *Manm ou an* gen enfòmasyon enpòtan sou sèvis ou yo ki kouvri ak fason plan w lan fonksyone. Ale sou:

Medicaid

metroplus.org/plans/individual-family/medicaid-managed-care/details/#plan-materials

Partnership in Care

metroplus.org/plans/other-plans/nyc-care/partnership-in-care-pic-hiv-ecomm-details/#important-notice

Enhanced (HARP)

metroplus.org/plans/other-plans/enhanced-harp-plan/enhanced-harp-plan-details/#plan-materials

Si ou ta renmen yon kopi manyèl plan w lan oswa dokiman ki nan manyèl la, rele nou nan **800.303.9626 (TTY: 711)**.



Kontakte nou

Pou n ede w jere plan w lan, ou ka jwenn yon lis konplè resous gratis ak resous ki pa koute chè tou sou nenpòt nan paj entènèt ki mansyone pi wo a.

Glosè

Ekspresyon pou w konnen

Reklamasyon: Menm jan ak yonfakti founisè swen sante w la voye apre yo fin ba w sèvis medikal yo.

Dosye Avantaj: Sèvis plan w lan kouvri.

Dat enskripsyon an aplike: Kou w antre nan plan nou an, n ap voye ba ou yon dosye ki gen dokiman pou w kòmanse ki pral gen ladan l yon avi ak dat enskripsyon an aplike. Sa a se anjeneral premye jou nan mwa a lè w vin yon manm epi ou kòmanse resevwa sèvis ki kouvri yo.

Rezo: Tout doktè, lopital, ak lòt founisè swen sante ki travay avèk MetroPlusHealth. Ou dwe itilize rezo a pou tout swen ki pa ijan.

Anile enskripsyon: Lè w anile enskripsyon w kòm manm nan plan nou an. Sa rive nan fen mwa a.

Doktè jeneralis (PCP, Primary Care Provider): Yon medsen, yon doktè, yon enfimiyè pratikan, yon asistan doktè, oswa yon enfimiyè ki ba w swen ak/oswa ki ede w jwenn aksè a yon pakèt sèvis swen sante.

MetroPlusHealth nan katye w

✓ Aktivite
anrapò
ak sante

✓ Kanaval pou
rantrè lekòl

✓ Evènman
nan jou
ferye

✓ Evènman pou
bay kodenn
ak kado

Ou gen kesyon?

Ale nan yon biwo kominotè
pou w pale ak anplwaye
MetroPlusHealth yo. Jwenn
swen w bezwen an pèsòn.

MetroPlus Health Plan, Inc.
50 Water Street, 7th Floor
New York, NY 10004

 metroplus.org

 **800.303.9626 (TTY: 711)**

Vizite nou pou plis enfòmasyon:

metroplus.org/in-your-community/locations



Department
of Health | Medicaid

✓ MetroPlusHealth

Apple® se yon mak anrejistre Apple Inc. Google Play™ se yon mak komèsyal Google LLC.

ATANSYON: Gen sèvis lang ak lòt èd, gratis, ki disponib pou ou.
Rele nan 1-800-303-9626 (TTY: 711).

ATTENTION: Language assistance services and other aids, free of
charge, are available to you. Call 1-800-303-9626 (TTY: 711).

ATENCIÓN: Dispone de servicios de asistencia lingüística y otras
ayudas, gratis. Llame al 1-800-303-9626 (TTY: 711).

MBR 26.038ht (6.1 GL)